



## Deklarasyon Enpak sou Ekite nan UP Academy Boston

UP Academy Boston (UAB) Pwotokòl Akò (Memorandum of Understanding, MOU) ak UAB ak UP Academy Dorchester  
Tit: (UAD) Kontra Jesyon

Dat:

14 Jiyè 2021

Èske yo te itilize [Zouti pou Planifikasyon Ekite Rasyal](#) la?  Wi  Non

Si wi, antre dat rankont REPT a ansanm ak lyen pou mennen w nan REPT ki fini an isit la:

Èske yon manm nan Divizyon pou Lakin nan Egalite, Estrateji ak Opòtinite a te analize deklarasyon sa a?  Wi  Non

Seksyon ki Gen Rapò ak Zouti Planifikasyon Egalite Rasyal BPS yo	Rezime/Motif
<p><b>1. Pwopozisyon/Prezantasyon ak Enpak</b> <i>Ki rezulta ou dezire nan pwopozisyon/efò a, sitou nan zafè elime direfans? Ki moun ki te dirije travay/planifikasyon sa a, epi èske yo reflete idantite gwoup elèv ak fanmi BPS yo (gwoup ki pi enpòtan yo se moun ki fè pati gwoup Nwa, Latino-ameriken, Azyatik, endijèn, imigran, miltileng, epi ki gen eksperyans nan Edikasyon Espesyal la)?</i></p>	<p>Avèk renouvèlman charter UAB a, gen plizyè dokiman ki nesesè pou reflete dat novo trimès charter a - sitou MOU UAB a avèk BPS ak UAB, ansanm ak Kontra Jesyon komen UAD genyen avèk Konsèy Administrasyon UAB/UAD a. Pwiske dènye fwa yo te mete dokiman sa yo ajou se te nan dat 20 Out 2020 an jan sa fè pati pwoesis renouvèlman charter a, chanjman ki fèt nan toude dokiman yo minim epi yo konsène sitou dat, tèm ak kondisyon pwiske kounya Depatman Edikasyon Primè ak Segondè (Department of Elementary and Secondary Education, DESE) a te renouvele charter UAB a. Sèl gress mizajou esansyèl ki fèt nan MOU se dèské yo sitou ajoute mo "Politik sou Ekite" pou fòmalize konfòmite UP avèk politik sou Ekite nan BPS yo ak aplikasyon li fè de politik sa yo.</p> <p>Jeneralman, MOU ansanm ak Kontra Jesyon an founi ankadreman pou relasyon UAB genyen avèk BPS ansanm ak Konsèy la, epi li pèmèt UAB kontinye founi yon edikasyon pou preparasyon kolèj ak karyè bay popilasyon elèv nou an ki trè divèrsifye ni sou plan rasyal ni sou plan etnik. N ap travay pou founi ak mentni yon seri rezulta ki ekitab pou tout elèv yo pandan n ap idantifye ak abòde prejije pèsonèl ak enstitisyonèl yo ak pandan n ap re-egzamine pratik ak politik yo nan optik anti-rasis. Rezulta elèv nou yo te toujou pozitif pa rapò ak rès elèv BPS yo. Enskripsyon an fèt nan tiraj epi li louvri pou tout Moun Ki Abite Boston. Nan kantite moun ki enskri aktyèlman nan UAB gen 97% elèv ki gen Koulè, 28% elèv ki gen Plan Edikasyon Endividyalize yo, ansanm ak 24% Elèv k ap aprann lang Anglè (EL yo). Toude ko-direktè yo se moun ki gen Koulè, epi modifikasyon sa yo, yo pwopoze a se Konsèy Administrasyon UAB a ki apwouye yo (4 sou 8 manm se moun ki gen Koulè).</p>
<p><b>2. Aliyman ak Plan Estratejik la</b> <i>Kijan pwopozisyon/efò a aliyen ak plan estratejik distri a?</i></p>	<p>Oryantasyon estratejik BPS nan domèn akademik baze sitou sou:</p> <ul style="list-style-type: none"><li>• Ranfòse ansèyman ak lidèchip nan lekòl la.</li><li>• Repwodui siksè ak redrese lekòl ki pa tèlman pèfòman</li></ul>

	<p>yo.</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• Apwofondi patenarya nou avèk paran yo, elèv yo ak kominote a.</li> <li>• Redefini sèvis distri yo pou n atenn efikasite, pwodiktivite ak ekite.</li> </ul> <p>Nan UAB ak nan UP, nou totalman aliye avèk oryantasyon sa a. Nou te rive mete an plas yon pwogram pwofesè modèl, pwofesè-lidè ak direktè lekòl pou asire ekselans nan ansèyman ak lidèchip nan lekòl nou an. Nou envesti nan yon seri kowòdonatè familyal ki baze nan lekòl la epi nou gen yon Direktè Jeneral pou Ekite ak Angajman nan nivo rezo a. Nou te antre an patenarya ak distri a alafwa nan aliyan sistèm done a ak nan pataj done a pou n ogmante efikasite.</p>
3. <b>Analiz Done</b> <i>Ki done yo te analize? Èske yo te divize l selon ras ak lòt gwoup ki pi enpòtan yo? Kisa l te revele konsènan diferans yo?</i>	Se anplwaye lekòl ak anplwaye rezo yo ansanm ak Konsèy UAB UAD ki jeneralman revize done sou pèfòmans elèv UAB yo, epi yo divize l selon ras, estati bezwen espesyal ak estati EL. Done sou pèfòmans elèv pou elèv ki fè pati kominote Nwa ak Latino-Ameriken yo konparab ak pa kanmarad yo ki fè pati kominote Blan ak Azyatik yo. Pandan pèfòmans elèv ki gen bezwen espesyal ak Elèv k ap aprann lang Anglè yo enferyè ak pèfòmans lòt sou-gwoup yo, UAB angaje l defason aktif nan devlopman pèsònèl pou l pi byen abòde bezwen l yo. Lekòl la, rezo a, ansanm ak Konsèy Administrasyon an toujou revize done yo divize sou kilti, prezans ak sou sondaj, sa ki pèmèt yo amelyore estrateji pou ogmante lè aprantisaj la, sitou pou elèv ki soti nan popilasyon ki jeneralman majinalize yo.
4. <b>Angajman Aktè yo</b> <i>Ki moun yo te angaje (kantite, gwoup ki pi enpòtan yo ak wòl), kijan ak kisa sa a bay? Kisa elèv/fanmi pwopozisyon/efò sa te pi afkete yo te di?</i>	UP kontinye angaje elèv ak fanmi yo pou yo kolekte opinyon sou pwogramasyon nou an. Sa gen ladan l sondaj, gwoup konsantrasyon, lè kafe, konsèy paran, ansanm ak evènman kominotè yo. Aktyèlman, n ap fasilité tou yon pwosesis planifikasyon estratejik alontèm ki te angaje elèv, fanmi ak anplwaye nou yo pwofondman, ansanm ak yon seri reprezantan gwoup konsantrasyon pou popilasyon elèv/fanmi nou yo.
5. <b>Estrateji san Patipri sou Keson Ras</b> <i>Kijan pwopozisyon/efò sa a fè bese diferans yo epi ogmante egalite rasyal ak lòt egalite? Ki konsekans ki pa volontè ki posib? Ki estrateji konplemantè ki pral pèmèt pwosesis egalite a vanse pi lwen?</i>	UAB fè PATI yon estrateji onivo tout distri a pou diminye sou lakin nan opòtinite yo. Sitou, BPS te mande UAB pou l redrese yon lekòl presegondè ki gen difikilte avèk yon kò elèv ki konpoze sitou de moun ki gen Koulè. Apwobasyon mizajou MOU ansanm ak Kontra Jesyon pral favorize bonjan operasyon pou elèv ak fanmi yo, epi l ap asire UAB kontinye founi yon opsyon ki gen bonjan kalite pou elèv yo, sitou elèv ki gen Koulè yo, atravè yon sistèm tiraj ki aksesib nan pwosesis aplikasyon distri a ki louvri a. Anplis, MOU sa mansyone sitou aliyan UAB avèk politik ak pwotokòl Ekite distri a.
6 <b>Bidjè ak Ekzekisyon</b> <i>Ki enpak bidjè a fè? Kòman egzekisyon an ap asire tout objektif yo, sitou objektif ki gen rapò ak egalite</i>	Yo te toujou enkli finansman yo bay pou UAB yo nan bidjè debaz BPS la chak ane depi 2011, epi yo enkli li tou nan bidjè FY22 a. Apwobasyon modifikasyon sa yo p ap modifye depans



<p><i>yo, reyalize? Ki l'dantite gwooup ekip egzekisyon an, epi èske y ap pote yon vizyon egalite?</i></p>	<p>yo. Lidè UAB yo ansanm ak lidè Rezo Edikasyon UP a prezante elèv nou yo deplizanpli, epi li pran tout desizyon nan yon optik ekite rasyal.</p>
<p><b>7. Responsablite ak Kominikasyon</b> <i>Kòman yo pral evalye enpak, dokimante epi kominike yo ak aksyonè yo? Ki moun ki pral responsab?</i></p>	<p>Se Konsèy Administrasyon nou an ki te apwouve ni MOU UAB a ki ajou a ni Kontra Jesyon UAB UAD a, epi li te resevwa apwobasyon preliminè nan men DESE. Si Kominote Lekòl la apwouve modifikasyon sa yo, y ap bezwen jwenn apwobasyon final nan men Sendika Pwofesè Boston yo ak nan men DESE. DESE, BPS, ansanm ak Konsèy Administrasyon UAB yo gen responsablite pou yo sipèvize ak kenbe responsablite. Sistèm responsablite DESE pou tout lekòl yo, Kritè Pèfòmans pou Lekòl Charter espesifik yo genyen yo, ansanm ak sistèm entèn UP founi kontwòl ak nòm pèmanan.</p>